

14 septanm 2016

Chè Paran,

Antan ke Sipèentandan Distri ou la, mwen vle ba ou asirans ke nou ap travay de prè avèk Depatman Sante Florid ansanm ak Depatman Edikasyon Florid pou bay elèv nou yo, manb pèsonèl lekòl yo ak paran yo enfòmasyon sou fason pou yo fè prevansyon kont maladi sa a ki rele Zika. Nou ap travay de prè tou pou siveye sityasyon yo pou asire nou ke elèv yo, paran, edikatè ak vizitè nan lekòl yo rete an sante e an sekirite.

Kòm sa fè pati patenarya nou an, nou ap swiv etap ki pi ba yo:

- Pataje pwojè Vide Dlo Depatman Sante Florid la! Materyèl timoun ka itilize byen pou ede edikatè yo entegre nan sal klas yo mesaj sante ki enpòtan pou anpeche ke moustik mwòde yo ak pou yo pa kite ma dlo rete dòmi nan zòn kay yo;
- Asire ke manb pèsonèl sante lekòl nou yo resevwa fòmasyon nan men Depatman Sante Florid sou prevansyon Zika ak idantifikasyon sentòm; ansanm ak
- Pou kondui aktivite pou redui moustik alantou lekòl nou yo lè nou ap debarase de tout ma dlo ki ap rete dòmi ki ka rive kale moustik epi kowòdone avèk ajans kontwòl moustik lokal yo pou si nou bezwen yo vini flite zòn yo.

Genyen divès kalite mezi senp ou kapab pran pou pwoteje tèt ou ansanm ak fanmi ou pou nou pa ekspoze ak maladi a epi pou anpeche ke li pwopaje.

Kisa ou ta dwe konnen:

- Sentòm Zika jeneralman lejè, men maladi Zika a asosye avèk malfòmasyon timoun ki fèk fèt si yon fanm atrape viris la pandan ke li ansent.
- Pa genyen vaksen kont maladi Zika, epi pa genyen tretman espesifik pou endividi ki enfekte yo.
- Zika pwopaje sitou lè yon moustik ki enfekte ale mwòde oswa pike lòt moun.

Aksyon nou rekòmande:

- Mete abiman ki pa lou e pi ki pa sere sou ou pou kouvri tout kò ou pandan ou deyò. Mete chosèt ki kouvri je pye ou ak anba janm ou.
- Kouvri pati nan pou ou ki ekspoze avèk yon ensektisid ki apwouve pa Ajans Pwoteksyon Anvironmantal. Toujou swiv enstriksyon ki sou pwodwi yo lè ou ap flite yo sou po ou. Si ou itilize krèm solèy, aplike li avan epi answit aplike ensektisid la.
- Elimine ma dlo ki ap poze (ekzanp, dlo pou zwazo benyen, bòl dlo pou zannimo, bokit dlo, veso fatra) ki alantou kay ou oswa pwopriyete ou. Moustik kapab kale nan nenpòt ti kiyè dlo – oswa bouchon boutèy dlo – donk lè ou elimine menm ti ma dlo ki pi piti a sa ka ede anpil nan redui popilasyon moustik ki ap viv pre ou.
- Mete til nan fenèt ak pòt ou pou anpeche moustik antre nan kay la.

Nou espere ke nou ap pase yon bon ane eskolè avèk siksè epi nou pral kontinye pran tout mezi ki nesèsè pou mentni sekirite ak byennèt elèv ak fanmi nou yo.

Si ou genyen nenpòt lòt kesyon apwopo Zika, tanpri telefone Liy Dirèk Depatman Sante Florid ki bay enfòmasyon sou maladi Zika a nan 1-855-622-6735 oswa ale vizite sit sa a www.FloridaHealth.gov.

Mèsi,



Kamela Patton, Ph.D.
Sipèentandan

